

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data paragraf jeung déskripsi data anu didadarkeun dina bab IV, aya tilu hal anu bisa dicindekkeun dina ieu panalungtikan anu patali jeung kohérens référénsial dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018. Éta tilu hal téh nyaéta (1) wanda kohérens référénsial; (2) tingkat kohérens référénsial; sarta (3) dominasi wanda kohérens référénsial. Jumlah data paragraf sakabéhna aya 248 data anu papasinganana dipedar ieu di handap.

- 1) Kohérens référénsial sakabéhna miboga dalapan wanda anu masing-masing wanda miboga papasinganana deui. Papasingan wanda kohérens référénsial anu kapanggih dina ieu panalungtikan nyoko kana tatali kausalitas ‘sabab-akibat’ jeung tatali kausalitas *alesan-akibat*; tatali komparatif *ngupamakeun* jeung tatali komparatif *lalandian*; tatali parafrastis; tatali komparatif *latar-inklusif* jeung tatali komparatif *latar-kacindekan*; tatali idéntifikatif; tatali aditif; tatali géneralisasi *spésifik-génèrik* jeung tatali géneralisasi *génèrik-spésifik*; tatali réultatif *sarana-hasil*; tatali réultatif *sarat-hasil*, jeung tatali réultatif *sarana-tujuan*. Wanda kohérens référénsial tatali idéntifikatif kaasup pangréana muncul (81 data paragraf) lantaran rubrik “Kolom” majalah *Manglé* kaasup kana jenis wacana argumentatif atawa sawangan nu nulis, hartina eusi wacana téh mangrupa hasil idéntifikasi nu nulis dumasar kana sawangan jeung pangaweruhna. Ari data anu pangsaeutikna nyaéta wanda kohérens référénsial tatali réultatif *sarana-hasil* jeung tatali komparatif *lalandian* anu jumlah datana ngan kapanggih 1 data paragraf.
- 2) Tingkat kohérens référénsial diidéntifikasi dumasar kana kalengkepan kalimah katut aya atawa henteuna kasaluyuan eusi kalimah dina paragraf. Bisa dicindekkeun yén tina 248 data paragraf, aya 242 data paragraf atawa 97,6 % data paragraf anu kohéren, jeung 6 data paragraf atawa 2,4 % data paragraf anu henteu kohéren. Hartina tingkat kohérens référénsial dina ieu

panalungtikan disebut luhur sabab hasil panalungtikan nuduhkeun leuwih réa data paragraf anu kohéren, nyaéta 97,6%.

Dominasi wanda kohérénsi référénsial ditilik dina jumlah data anu paing réa kapanggih. Tina 242 data paragraf anu kohéren, wanda kohérénsi référénsial anu ngadominasi nyaéta tatali idéntifikatif anu kabéhna aya 81 data paragraf (33,5%) tina wanda kohérénsi référénsial séjénna. Ari wanda kohérénsi référénsial pangsaeutikna nyaéta tatali komparatif *lalandian* jeung tatali résumatif *sarana-hasil* anu masing-masing ngan kapanggih 1 data paragraf (0,4%).

Wanda kohérénsi référénsial séjénna anu kapanggih nyaéta Tatali implikatif *latar-inklusif* 39 data (16,1%), tatali aditif 28 data (11,5%), tatali implikatif *latar-kacindekan* 23 data (9,5%), tatali géneralisasi *génerik-spésifik* 17 data (7,0%), tatali parafrastis 15 data (6,1%), tatali kausalitas *alesan-akibat* 9 data (3,7%), tatali kausalitas *akibat-alesan* 9 data (3,7%), tatali komparatif *ngupamakeun* 6 data (2,4%), tatali résumatif *sarana-tujuan* (1,6%), tatali kausalitas *sabab-akibat* 4 data (1,6%), tatali kausalitas *sabab-akibat* 4 data (1,6%), tatali résumatif *sarana-hasil* 2 data (0,82%), tatali géneralisasi *spésifik-génerik* 2 data (0,2%).

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi anu didadarkeun saméméhna, implikasi tina ieu panaungtikan ngeunaan kohérénsi référénsial di antarana pikeun masarakat, ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun ngalegaan pangaweruh masarakat kana wanda kohérénsi référénsial anu nyampak dina wacana. Pikeun média pers ieu panalungtikan bisa jadi bahan référénsi dina ngalarapkeun kohérénsi référénsial dina unggal wacanana. Pikeun dosén/guru, ieu panalungtikan bisa nambahan référénsi dina pikeun panalungtikan kabasaan atawa jadi référénsi pikeun bahan ajar. Satuluyna, pikeun mahasiswa/pelajar, ieu panalungtikan bisa dipaké référénsi pikeun panalungtikan kabasaan sejen jeung nambahan pangaweruh pikeun maluruh kabasaan, utamana dina medar kohérénsi référénsial dina wacana.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analisis data paragraf jeung déskripsi data anu didadarkeun saméméhna, aya sawatara rékoméndasi anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan

- 1) Ieu panalungtikan medar ngeunaan wanda kohérénsi référénsial dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018 anu diwatesanan ku édisi majalah *Manglé* anu jangkep sarta anu miboga rubrik “Kolom” di jerona hungkul. Ieu hal dibalukarkeun ku waktu panalungtikan anu samporét jadi henteu kahontal upama kabéh édisi taun 2018 ditalungtik. Bakal leuwih hadé upama dina panalungtikan kahareupna sakabéh édisi ditalungtik pikeun ngeuyeuban fakta jeung data ngeunaan wanda kohérénsi référénsial;
- 2) Papasingan kohérénsi lain ngan saukur ngeunaan kohérénsi référénsial, tapi aya ogé kohérénsi tékstual anu henteu ditalungtik dina ieu panalungtikan. Tangtuna bakal leuwih hadé upama ka hareupna aya panalungtikan anu medar ngeunaan kohérénsi référénsial jeung kohérénsial dina ambahan anu leuwih lega, utamana dina wacana basa Sunda;
- 3) Wanda kohérénsi référénsial anu dipedar dina ieu panalungtikan dianalisis dumasar kana kalengkepan eusi wacana sarta kasaluyuan antarkalimah dina paragraf. Kuduna bisa leuwih jéntré deui, nyaéta medar ngeunaan ‘penanda’ anu bisa leuwih ngukuhan fakta ayana wanda kohérénsi référénsial. Ku kituna, dina panalungtikan ka hareupna bakal leuwih hadé upama medar ogé ngeunaan ‘penanda’ wanda kohérénsi référénsial; jeung
- 4) Wanda kohérénsi référénsial anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta tina wacana karya tulis non fiksi. Tangtu bakal leuwih hadé upama panalungtikan ka hareupna nalungtik kohérénsi dina wacana fiksi saperti dina carpon atawa novél.